# Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ma’mleketlik belgileri

**QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI’NI’N’ MA’MLEKETLIK GERBI**



«Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ma’mleketlik gerbi haqqi’nda» Ni’zam 9-aprel 1993-ji’lda Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Sovetinin’ XII sessiyasi’nda qabi’llandi’.

Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Ma’mleketlik gerbi Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ suverenli ma’mleket yekenliginin’ belgisi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Ma’mleketlik gerbi – o’zinde on’ ta’repi sali’ masaqlari’nan, sol ta’repi ashi’lg’an paxta xanalari’na bu’rkengen g’awasha shaqalari’nan ibarat lenta menen oralg’an taw arti’nan shi’g’i’p kiyati’rg’an quyashti’, A’miwda’rya ha’m Aral ti’msali’ bolg’an da’rya ha’m ten’iz su’wretin ja’mlegen.

Gerbtin’ joqarg’i’ bo’leginde segiz qi’rli’ forma su’wreti boli’p, xali’qlardi’n’ birligin, awi’zbirshiligin ta’riypleydi, oni’n’ ishindegi yari’m ay ha’m juldi’z su’wreti musi’lmanlardi’n’ muxaddes ti’msali’ boli’p esaplanadi’. Gerbtin’ orayi’nda baxi’t ha’m erkinlik ti’msali’ bolg’an Qumay qus qanatlari’n ken’ jazi’p turi’pti’. Qumay qusti’n’ su’wretinin’ arti’nda qaraqalpaq xalqi’ni’n’ tariyxi’y ma’deniyati’ du’rdanalari’ni’n’ birinen esaplang’an Shi’lpi’q qorg’ani’ni’n’, yag’ni’y xalqi’mi’zdi’n’ ma’deniy tariyxi’ uzaq-uzaqlarg’a bari’p taqalsa da, ha’miyshe na’wqi’ran ekenligin an’latatug’i’n qorg’an su’wreti sali’ng’an.

Gerbtin’ to’mengi bo’leginde Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ bayrag’i’n ta’riypleytug’i’n lentag’a «Qaraqalpaqstan» so’zi jazi’lg’an. Qumay – baxi’t qusi’ gu’mis ren’de, da’rya, ten’izimiz ha’miyshe jasli’qti’ an’latatug’i’n toyg’i’n ko’k ren’de, quyash, sahra perzentleri ekenimiz sari’ ren’de, ta’biyatti’n’ jasari’wi’ ha’m o’mirdin’ dawamli’g’i’ jasi’l ren’de, niyetlerimizdin’, maqsetlerimizdin’ pa’kligi, xalqi’mi’zdi’n’ ba’rqulla baxi’tqa, jaqsi’li’qqa umti’li’wi’ aq ren’de, qanshadan-qansha si’nawlardi’ basi’nan keshirgen ta’g’dirimizdin’ jarqi’n ekenligi ku’l ren’de ta’riyplengen.

Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Ma’mleketlik gerbi – xalqi’mi’zdi’n’ ar-nami’si’, maqtani’shi’ boli’p esaplanadi’.

o’zbekstan, sonday-aq Qaraqalpaqstan Respublikalari’ni’n’ Ma’mleketlik ni’shanlari’ Ni’zamda ko’rsetilgen arnawli’ ori’nlarg’a qoyi’li’wi’ sha’rt.

---

**QARAQALPAQSTAN ReSPUBLIKASI’NI’N’ MA’MLeKeTLIK BAYRAG’I’**



«Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ma’mleketlik bayrag’i’ haqqi’nda» Ni’zam 14-dekabr 1992-ji’lda Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Sovetinin’ XI sessiyasi’nda qabi’llandi’.

Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Ma’mleketlik bayrag’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ suverenli ma’mleket ekenligignin’ ni’shani’.

Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Ma’mleketlik bayrag’i’ aspan ko’k, toyg’i’n sari’ ha’m jasi’l ren’lerden ibarat boli’p, ortasi’ndag’i’ sari’ ren’li bo’lekti aq ha’m qi’zi’l jolaqlar aji’rati’p turadi’.

Bayraqti’n’ aspan ko’k ren’i ba’ha’r jasli’g’i’ni’n’ ha’m o’mir da’regi – suwdi’n’ ma’n’gi ti’msali’ boli’p esaplanadi’. Sari’ ren’ bolsa Qaraqalpaqstan aymag’i’ni’n’ u’lken bo’leginin’ sahradan ibarat ekenligin an’latadi’. Jasi’l ren’ bolsa ta’biyatti’n’ jan’alani’wi’ni’n’, ruwxi’y jasari’wi’ni’n’, isenimnin’ ha’m quwani’shti’n’ ni’shani’. Bayraqtag’i’ jan’a tuwi’lg’an ay musi’lmanlardi’n’ muxaddes ti’msali’ bolsa, bes juldi’zdi’n’ su’wreti Qaraqalpaqstanni’n’ a’yyemgi ha’m nawqi’ran bes qalasi’ni’n’ – qaraqalpaqstanli’lardi’n’ turmi’s ha’m isenim qorg’anlari’ni’n’ ti’msali’ boli’p tabi’ladi’. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Ma’mleketlik bayrag’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ra’smiy wa’killerinin’ si’rt elge saparlari’nda,xali’qarali’q a’njumanlarda, ko’rgizbelerde ha’m sport oyi’nlari’ jari’slari’nda Qaraqalpaqstan Respublikasi’n du’nyag’a tani’tadi’. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Ma’mleketlik bayrag’i’ xali’qarali’q maydanda basqa ma’mleketlerdin’ bayraqlari’ menen ten’ jelbirep turadi’.

Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ puqaralari’ ha’m bul jerde jasaytug’i’n basqa adamlar Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Ma’mleketlik bayrag’i’n hurmetlewi sha’rt.

---

**QARAQALPAQSTAN ReSPUBLIKASI’NI’N’ MA’MLeKeTLIK GIMNI**

«Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ma’mleketlik gimn haqqi’nda» Ni’zam 24-dekabr 1993-ji’lda Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Sovetinin’ XIV sessiyasi’nda qabi’llandi’.

***I. Yusupov  so’zi***
***N. Muxammeddinov  namasi’***

Jayxun jag’asi’nda o’sken bay terek,
Tu’bi bir shaqasi’ mi’n’ bolar demek,
Sen sonday sayali’, quyashli’ elsen,
Ti’ni’shli’k ha’m i’g’bal sendegi tilek.

**Naqi’rati’:**

Diyxan baba napesi bar jerinde,
Juwsan anqi’p, kiyik qashar sho’linde,
«Qaraqalpaqstan» degen ati’ndi’,
Awladlar a’diwler ju’rek to’rinde.

Aydi’n keleshekke shaki’rar zaman,
Ma’rtlik miynet, bilim jetkizer og’an,
Xalqi’n bar azamat, dos ha’m mexriban,
erkin jaynap–jasna, ma’ngi bol aman.

**Naqi’rati’:**

Diyxan baba napesi bar jerinde,
Juwsan anqi’p, kiyik qashar sho’linde,
«Qaraqalpaqstan» degen ati’ndi’,
Awladlar a’diwler ju’rek to’rinde.

**Gimnni ti’nlaw:**

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*


Izlew

- ⌂
- 品
- ✉

- Ministrler Ken'esi
- Statistikaliq ha'm analitikaliq ma'gliwmatlar
- Ministrlikler ha'm vedomstvolar
- Qala ha'm rayon ha'kimlikleri
- Hu'jjetler
- Respublika miymanlarina
- Elektron hu'kimet
- Interaktiv ma'mleketlik xi'zmetler